



Pou Piblikasyon Imedya: 04/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINALIZASYON NOUVO KONTRA POU EMPIRE WIND 1 AK SUNRISE WIND

Yon fwa I ap fonksyone an 2026, pwojè enèji ewolyèn bò kot yo pral pi gwo pwojè pwodiksyon elektrite nan Eta New York depi plis pase 35 ane

Sipòte pwogrè nan direksyon akonplisman objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè Eta a pou 9,000 Megawat enèji ewolyèn bò kot disi 2035

Gouvènè Hochul te anonse jodi a finalizasyon nouvo kontra pou Empire Wind 1, yon pwojè 810 megawat ki te planifye (ke Equinor te devlope), ak Sunrise Wind, yon pwojè 924 megawat planifye (ke Ørsted ak Eversource devlope) kòm rezilta katriyèm demann enèji ewolyèn bò kot New York la. De pwojè enèji ewolyèn bò kot yo, ki totalize plis pase 1,700 megawat, pral pwodui ase enèji pwòp pou alimante plis pase yon milyon kay New York epi yo pral pi gwo pwojè pwodiksyon elektrisite nan Eta New York nan plis pase 35 ane yon fwa yo antre an fonksyon an 2026. Anons jodi a fè pati [Plan Aksyon 10 Pwen New York la](#) pou sipòte endistri enèji renouvlab a gwo echèl k ap grandi, epi li reprezante pwogrè pou reyalize objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Lwa Klima) Eta a pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn bò kot 2035.

"New York ap dirije nasyon an pou konstwi endistri enèji pwòp, kreye travay ki byen peye, epi avanse objektif klimatik nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Enèji ewolyèn bò kot se yon pati enpòtan nan plan enèji pwòp nou an pou abòde kriz klimatik la, epi investisman nou yo ap konstwi yon New York ki an sante, dirab pou jenerasyon k ap vini yo ka pwospere."

Pwojè yo chwazi yon fason konpetitif yo pral kreye plis pase 800 djòb konstriksyon akoutèm ki soutni fanmi yo e yo pral investi 2 milya dola nan devlopman ekonomik amelyore nan tout eta a, ki gen ladan investisman pwomotè yo angaje pou sipòte kominote ki defavorize yo. Anplis obligasyon kontra pwojè yo, Empire Wind 1 ak Sunrise Wind gen pou l bay plis pase 6 milya dola nan avantaj ekonomik nan tout eta a pandan 25 ane l dire avi pwojè yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Kòm pi gwo pwojè pwodiksyon elektrisite nan Eta a nan plis pase trant-senk ane, pwojè enpòtan sa yo, lè yo bati, pral yon etap

enpòtan istorik nan tranzisyon New York nan yon ekonomi enèji pwòp. Reyalizasyon yon rezo elektrik zewo emisyon pral bay anpil avantaj ekonomik ak sante piblik ak fyabilite pou tout Nouyòkè yo."

Kòm pwojè ki gen matirite, Empire Wind I, ki sitiye a 24 km sou rivaj New York la, ak Sunrise Wind, ki sitiye plis pase 48 km nan lès pwen lès Long Island, te deja konplete pifò etap enpòtan pou otorizasyon federal ak eta a. Pou sipòte koneksyon fèm ewolyèn ak rezo elektrik New York la, konstriksyon sou rivaj ki gen rapò ak pwojè Sunrise Wind la ap byen mache, li te resevwa [apwobasyon](#) pou wout kab sou rivaj pwopoze li yo nan Long Island an novanm 2022. Empire Wind 1 te reyalize yon etap enpòtan mwa pase a lè Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York la te [apwouve](#) plan pwojè a pou konekte ak rezo elektrik New York la. Travay ap fèt pou transfòmasyon Tèminal Maren Sid Brooklyn lan an yon pò rasanbleman ak asanblaj modèn ak operasyon alontèm ak sant antretyen pou pwomotè pwojè a ki se Equinor.

Molly Morris, Prezidan Equinor Renewables Americas, te deklare, "Nou felisite Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou lidèchip alontèm yo ak angajman yo pran anvè enèji ewolyèn bò kot. Anons jodi a siyale devlopman enteresan pou Empire Wind 1. Transfòmasyon Tèminal Maren Sid Brooklyn lan deja sou pye, li kreye nouvo djòb sendika epi mete New York nan sant yon endistri ki pral bay yon sous enèji renouvlab enpòtan pou plizyè deseni k ap vini yo."

Vis Prezidan Egzekitif ak PDG Ørsted la, David Hardy, te deklare, "Sunrise Wind, ki bay Eta New York kouran pwòp ak fyab, pral yon poto santral nan transfòmasyon enèji pwòp Amerik la, epi nou ekstrèmman fyè dèske n ap avanse sa ki pral vin pi gwo pwojè enèji ewolyèn bò kot nasyon an lè l fini. New York te deja fè listwa kòm òganizatè premye fèm enèji ewolyèn bò kot peyi a ak pwojè South Fork Wind nou an. Kounye a, gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, NYSERDA, ak tout administrasyon an, nou pare pou n bati sou eritaj sa a pou n ka bay plis djòb, benefis ekonomik ak enèji pwòp ak Sunrise Wind."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Eversource Energy a, Joe Nolan, te deklare, "Anons jodi a kòmanse pwochen chapit pou Sunrise Wind, ki mennen pi gwo fèm enèji ewolyèn bò kot Etazini an nan yon etap pi pre rezilta. Sunrise Wind pral gen yon enpak ki pote transfòmasyon sou ekonomi New York la, ak dimansyon konstriksyon sou rivaj sèlman ki reprezante yon envestisman plis pase 200 milyon dola epi kreye 400 nouvo djòb sendika lokal. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak tout lidè federal, eta ak lokal k ap sipòte pwojè enpòtan sa a. Pandan Sunrise Wind ap avanse, li pral kontinye ankouraje plizyè santèn djòb ak plizyè milyon an plis nan envestisman lokal, sa ki solidifye lidèchip nasyonal New York nan ekonomi enèji pwòp la."

NYSERDA te deja akòde Empire Wind 1 ak Sunrise Wind an 2019 kòm yon pati nan premye solisitasyon NYSERDA pou enèji ewolyèn bò kot, epi li te re-atribiye an 2023. Kòm yon pati nan nouvo kontra yo, pwojè yo pral fèt nan nouvo dispozisyon/ ki pote benefis adisyonèl pou Eta a, tankou:

- Nouvo angajman benefis ekonomik pi wo pase sa ki te okòmansman nan kontra, ki gen ladan 32 milyon dola ki angaje pou investisman ki konsantre sou kominote a nan kominote defavorize New York yo ak 16.5 milyon dola pou siveyans bèt sovaj ak lapèch.
- Angajman pou achte yon minimòm de 188 milyon dola fè ak asye Ameriken, sa k ap sipòte fabrikasyon Etazini ak Lwa New York Achte Ameriken (New York Buy American).
- Kondisyon pou Akò Lapè nan Travay (Labor Peace Agreements, LPA) pou sèvis operasyon ak antretyen.

Avèk anons jodi a, pwojè yo kounye a sou wout pou finisman pwojè akoutèm, pou ankouraje investisman lokal yo ak benefis ekonomik amelyore nan Eta New York ak pri konpetitif. Enpak mwayèn sou bòdwo pou kliyan rezidansyèl yo pandan dire lavi pwojè a nan kad prim sa yo pral apeprè de pousan, oswa apeprè 2.09 dola pa mwa. Mwayèn pri devlopman total pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot ki gen kontra pandan dire lavi kontra yo se 150.15 dola pou chak megawat-èdtan, sa ki egal ak dènye pri sou mache yo.

Nouvo kontra NYSERDA ak Empire Wind 1 ak Sunrise Wind disponib sou [sit entènèt NYSERDA](#).

Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te deklare, "Enèji ewolyèn bò kot enpòtan anpil nan batay nou kont chanjman klimatik la. Anons jodi a ap fè eta nou an avanse pi pre pou atenn objektif enèji renouvlab ak pwòp Eta a pandan y ap asire travay reyalize pa yon mendèv sendika ki trè kalifye. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou angajman yo pran nan yon ekonomi enèji pwòp ki kreye djòb ki soutni fanmi ak benefisye ak pwoteksyon kontra sendika yo."

Gary LaBarbera, Prezidan Metye Konstriksyon Eta New York (New York State Building Trades) la, te deklare, "Pandan New York ap kontinye pouswiv objektif Lwa sou Lidèchip klimatik ak Pwoteksyon Kominotè Eta a, li enpòtan pou nou avanse pwojè enèji ewolyèn bò kot tankou Empire Wind 1 ak Sunrise Wind ki ranfòse enfrastrikti enèji pwòp nou yo epi kreye plizyè milye karyè sendika ki byen peye pou Nouyòkè travay di yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA paske yo te avanse inisyativ sa yo sou rivaj Long Island ak Brooklyn ki pral pwopilse nou nan objektif klimatik nou yo, ki pral ede inogirasyon yon nouvo ekonomi vèt, epi ki pral leve kominote nou yo ki pa jwenn ase sèvis. Komèsan ak komèsant nou yo pa ka tann pou yo jwe yon wòl nan avanse pwojè enpòtan sa yo pou pi devan epi pouswiv karyè ki soutni fanmi yo ak chemen ki mennnn nan klas mwayèn yo kreye yo."

Prezidan Federasyon Mendèv Long Island (Long Island Federation of Labor) lan, AFL-CIO, John Durso, te deklare, "Avansman pwojè sa yo se prèv pozitif ke nou ka adrese kriz klimatik la epi kreye bon travay sendika nan pwosesis la. Nou kontinye fè pwogrès sou toude aspè epi nou rete angaje nan travay ak Eta New York, endistri enèji ewolyèn bò kot la, ak tout lòt moun ki enterese nan yon avni ki pi briyan ak bon salè soutni fanmi."

Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon (Building and Construction Trades Council) Konte Nassau ak Suffolk la, Matthew Aracich, te deklare, "Mwen fyè anpil de Gouvènè Hochul epi mwen kontan pandan l ap fè pwochen etap la pou avanse pwojè ki defini endistri sa yo. De pwojè mak sa yo pa pral sèlman sèvi pou fè rejyon nou an vin pi bon pou anviwònman an, men yo pral kreye tou 800 karyè nan Metye Konstriksyon k ap soutni fanmi. Opòtinite endistri enèji ewolyèn bò kot la bay se yon lòt siyal pou Metye Konstriksyon yo ouvri chemen nou pou opòtinite aprantisaj pou ane k ap vini yo; filyè sa a mennen rezidan lokal yo nan yon wout ekspri ki vin fè pati klas mwayèn nan. Enpak dirab pwojè sa yo pa ka minimize, anplis benefis ekonomik yo, yo reprezante yon etap pou pi devan nan jerans anviwòmantal pou jenerasyon k ap vini yo."

Direktè New York Offshore Wind Alliance, Fred Zalcmann, te deklare, "Siyen kontra ki sipòte pwojè enèji ewolyèn bò kot la avanse an etap sa yo se yon reyafimasyon enpòtan nan angajman New York pou konbat chanjman klimatik, ankouraje yon ekonomi enèji pwòp, epi bay djòb ki soutni fanmi yo. Sunrise Wind ak Empire Wind I se pwojè pyonyè ki pral pote benefis tanjib nan kominote lokal kote yo opere yo ak nan ekonomi eta a an jeneral, epi Administrasyon Hochul merite gwo kredi nan pèsèverans pou pote resous enpòtan enèji pwòp sa yo sou mache a."

Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman (Citizens Campaign for the Environment) an, Adrienne Esposito, te deklare, "Finisman de kontra sa yo asire ke New York se yon lidè nasyonal briyan nan enèji ewolyèn bò kot. Avèk chak solèy k ap leve, New York ap avanse enèji pwòp, renouvlab ak batay kont chanjman klimatik la. Sunrise Wind ak Empire Wind ap chanje kou avni nou epi yo pral bay djòb lokal, lè ki pi pwòp ak kominote ki pi an sante. Nou kontan epi nou rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul ak ekip NYSERDA pou angajman solid yo pou fè New York kontinye avanse nan objektif enèji pwòp nou yo."

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York (New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan disi 2030. ak 85 pousan disi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwayèn syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman

sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plise pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)